

Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON MONIMANTAL K AP MODÈNIZE LWA  
VÒT NEW YORK LA YO**

***Sa ap Akonpli Eleman Santral Ajanda Jistis 2019 Gouvènè a***

***Lejislasyon an ap Pèmèt Vòt Antisipe 8 Jou Avan yon Eleksyon; L ap Konsolide Dat Eleksyon Premye tou Eta ak Federal yo; sa k ap Pèmèt Enskripsyon Alavans pou Elektè Adolesan yo Ak Transferabilite pou Elektè yo anndan Eta a yo; L ap Elimine Vid Jiridik LLC a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon k ap kòmanse pwosesis pou pote lwa vòt Eta New York la yo vin nan 21yèm Syèk, ki se yon objektif santral Ajanda Jistis 2019 li a pandan 100 premye jou nouvel sesyon lejislasyon an. Nouvo lwa istorik sa a pral pèmèt uit jou vòt antisipe avan yon eleksyon, senkwonize eleksyon premye tou federal ak eta a yo, pèmèt elektè adolesan enskri alavans, ofri transferabilite enskripsyon elektè yo anndan eta a, epi elimine vid jiridik LLC a.

“Nan yon moman kote gouvènman federal la ap fè tout sa yo kapab pou yo anpeche elektè yo egzèse dwa vòt yo, nou ap retire obstak ki te dekouraje twòp jenerasyon Nouyòkè egzèse dwa vòt yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m siyen refòm vòt enpòtan sa yo vin lwa ki fè pati Ajanda Jistis nou an, pandan 100 premye jou yo men sa se sèlman kòmansman an. Nou ap fini djòb la epi n ap pwomilge refòm adisyonèl yo nan bidjè ane sa a ki gen ladan enskripsyon otomatik ak pwolonjman lè vòt yo nan rejyon nò a pou rann li pi fasil yon fwa pou tout pou Nouyòkè yo fè yo tande vwa yo nan bwat eskriten an.”

“Antanke Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm lan (Women's Suffrage Commission), mwen te defann refòm vòt nou te byen bezwen toupatou atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk vòt antisipe a, enskripsyon alavans ak lòt refòm yo, Nouyòkè yo pral gen plis aksè ak opòtinite pou yo patisipe nan pwosesis demokratik la. Sa a se sèlman kòmansman - nou ap pran angajman pou nou fè vanse mezi adisyonèl pou nou plis modènize ak ranfòse sistèm vòt nou an. Lejislasyon bon sans sa a pral ogmante patisipasyon elektè yo epi ranfòse demokrasi nou an.”

Gouvènè Cuomo te siyen refòm vòt ki annapre yo — ke Lejislati a te apwouve premye pwojè lwa yo pandan sesyon 2019 la — vin lwa:

- **“Elimine” Vid Jiridik LLC yo:** Pwojè lwa a pral elimine vid jiridik nan LLC yo lè yo limite depans yon LLC ka fè a 5,000 dola ototal chak ane, ki se menm limit kòporasyon yo genyen tou. Pwojè lwa a pral egzije tou

piblikasyon enterè enskripsyon dirèk ak endirèk nan LLC k ap fè kontribisyon an, epi pou se a moun lan yo lye kontribisyon an.

- **Vòt Antisipe:** Pèmèt vòt antisipe pral rann vote pi fasil pou moun k ap vote ki gen obligasyon pwofesyonèl ak familyal ki fè li difisil pou yo ale fizikman nan biwo vòt yo, epi tou diminye tan atant yo ak fasilite fado lojistik pou anplwaye biwo vòt yo.
- **Senkwonizasyon eleksyon federal ak eta yo:** Aktyèlman Eta New York òganize eleksyon primè eta ak federal separe. Ak adisyon yon primè prezidansyèl chak katran epi yon eleksyon jeneral, sa vle di ke nan kèk ka New York ap òganize kat eleksyon diferan nan menm ane a. Sa ka kreye konfizyon pou elektè yo epi gaspiye resous administratif yo. Pwojè lwa sa a pral inifye eleksyon premye tou federal ak eta yo yon fwa pou tout epi asire ke tout moun k ap vote yo ale nan biwo vòt yo yon fwa sèlman pou chwazi kandida yo.
- **Pre-anrejistreman pou minè:** Moun New York yo pa gen otorizasyon pou anrejistre pou vote sof si yo genyen laj 18 ane rive nan fen ane a, ak rive nan dat eleksyon kote yo genyen entansyon vote a. Pwojè lwa a pral pèmèt moun ki gen 16 ak 17 an yo enskri alavans pou yo vote, sa vle di y ap otomatikman enskri yon elektè nan jou 18yèm anivèsè li.
- **Transfè anrejistreman Inivèsèl:** Lè moun New York ale nan yon kote diferan, anrejistreman pou yo vote a pa deplase ak yo. Sa mande pou moun k ap vote a re-anrejistre nan komite elektoral lokal li a kòm si li t ap anrejistre premye fwa. New York pral pwopoze lejislasyon pou asire ke lè yon elektè al viv nan yon lòt eta, enskripsyon vòt yo a pral fasilman ale ak yo.

Anplis de sa a, Gouvènè a te selebre pwomilgasyon de rezolisyon pou Modifikasyon Konstitisyonèl:

- **Vòt absans pa lapòs san eskiz:** Konstitisyon Eta New York aktyèlman mete restriksyon sou bilten endividi ki bay yon rezon ki kalifye, tankou absans nan konte a pandan Jou Eleksyon an oswa yon maladi oswa andikap. Nan yon fason ki pa nesèsè sa anpeche moun New York kapab vote pa lapòs pou rezon ki diferan pa rapò ak sa yo site nan konstitisyon an, oswa paske se sa ki pi fasil pou fè. Modifye konstitisyon an pou rann bilten vòt pa korespondans yo disponib pou nenpòt elektè ki kalifye, kèlkeswa rezon ki fè yo vle youn, sa ki pral pèmèt vote vin pi aksesib ke posib.
- **Anrejistreman menm jou:** Konstitisyon Eta New York la entèdi elektè yo enskri pou yo vote mwens pase 10 jou avan yon eleksyon epi pou yo gen posiblite pou yo vote nan eleksyon sa a. Nan mond jodia ak teknoloji jodia, pa genyen rezon politik oswa administratif pou anpeche moun k ap vote yo anrejistre pou vote menm jou eleksyon an. Modifikasyon konstitisyonèl sa a pral elimine obstak demode epi ki poutan redoutab sa a ki anpeche moun rive atenn bwat eskriten an.

Byenke refòm sa yo se yon etap esansyèl vè lavan nan efò n ap fè pou nou ankouraje chak Nouyòkè pou yo vote, Bidjè Egzekitif ane fiskal 2020 Gouvènè Cuomo a pwopoze mezi adisyonèl pou modènize lwa vòt New York la yo, ki gen ladan:

- **Rejyon nò a vote avan midi:** Lwa Eleksyon Eta (State Election Law) aktyèl la entèdi biwo vòt yo pou ouvri avan midi nan eleksyon primè yo sèlman nan rejyon nò New York, sa ki kreye yon aksè depaman nan biwo vòt atravè eta a. Nouyòkè tout kote genyen dwa pou yo jwenn menm opòtinite pou yo vote, epi ane sa a New York pral asire ke yo pwolonje lè vòt yo pandan eleksyon premye tou nan rejyon nò yo pou yo koresponn ak menm lè vòt nan rès eta a.
- **Fè Jou Eleksyon an yon jou konje:** Enkapasite pou pran konje nan travay pa ta dwe janm yon baryè pou yon moun vote. Ane sa a, New York pral asire ke tout moun New York genyen konje pou voje nan Jou Eleksyon.
- **Anrejistreman Otomatik:** Jodia moun New York genyen opòtinite pou anrejistre pou vote nan entèraksyon ak ajans Eta yo epi yo dwe mande pou yo anrejistre yo. Bidjè a pral genyen ladan yon pwopozisyon pou anile pwosesis sa a epi enskri Nouyòkè ki kalifye pou yo vote yo sof si yo mande pou yo pa enskri yo. Anrejistreman otomatik moun k ap vote pral non sèlman ogmante anrejistreman kantite moun k ap vote ak patisipasyon nan eta a, men li pral ranfòse tou pwosesis demokratik nou an.
- **Anrejistreman an liy:** Apa DMV, pa genyen aktyèlman opsyon an liy pou anrejistreman moun k ap vote nan Eta New York. Bidjè a pral genyen ladan yon pwopozisyon pou asire elektè yo gen opòtinite enskripsyon otomatik ki disponib sou entènèt, pou li genyen ladan tou pèmèt Nouyòkè yo aplike pou yo enskri pou yo vote sou sitwèb Konsèy Elektoral Eta a (State Board of Elections).
- **Bani kontribisyon kòporatif:** Lajan kòporatif anvayi sistèm elektoral nou an. Bidjè egzekitif la pral genyen ladan yon pwopozisyon pou entèdi kòporasyon yo fè tout kontribisyon, sa k ap remèt pèp la pouvwa a epi ede retire lajan sal ak enfliyans enterè espesyal nan pwosesis demokratik nou an.

**Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare,** “Gouvènman an dwe la pou yo retire obstak yo. Nou bezwen plis vwa nan demokrasi nou an, pa mwens. Lè nou amelyore aksè pou moun vote yo epi fè Nouyòkè yo egzèse dwa Konstitisyonèl yo pou yo tande vwa yo, sa pa ta dwe yon zafè patizan oswa polemik. Lòt eta yo te pran devan nan kesyon vòt antisipe a, enskripsyon menm jou eleksyon an, enskripsyon alavans, epi vòt pa korespondans san eskiz. Li lè li tan pou Eta New York ratrape reta li, pou nou kapab trase chemen an vè lavan yon lòt fwa ankò.”

**Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di,** “Pandan anpil ane, Moajorite Asanble a te travay pou rann li pi fasil pou elektè yo vote, epi byenke New York vante tèt nou avèk fyète kòm lidè pwogresif nou ye a, lwa elektoral demode nou yo te rete trennen deyè. Se te yon plezi pou nou travay ak patnè nou yo nan Majorite Eta a pou nou a atenn vrè refòm - sa k ap agrandi aksè nan pwosesis demokratik la epi pote plis transparans nan lwa finans kanpay nou an yo. Mwen atann pou m kontinye travay ansanm pou nou fè Eta New York vanse vè lavan”.

**Senatè Zellnor Myrie te deklare,** “Vote se yon dwa ki pwoteje tout lòt dwa yo, poutan pandan twò lontan, kèk nan lwa vòt ki pi ansyen ak regresif ki gen nan peyi a yo jennen Nouyòkè yo. Vòt antisipe, ansanm ak tout lòt refòm enpòtan sa yo, pral bay plis moun opòtinite pou yo vote epi rann gouvènman nou an plis responsab vizavi elektè yo”.

**Manm Asanble Charles Lavine te deklare,** “Antanke yon moun ki t ap prezante pwojè lwa vòt yo depi byen lontan, jodi a se yon trè bon jou pou eta New York ak pou demokrasi nou an. Pandan twò lontan, lwa vòt demode nou an te kenbe demokrasi nou an nan fè nwa a, sa ki te kite anpil Nouyòkè andeyò pwosesis vòt la san yon paka di anyen sou kiyès ki reprezante yo. Jodi a, nou bay yon vwa a moun ki pa gen vwa yo, epi nou asire ke eleksyon New York yo senp, jis, epi reprezante tout moun. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a”.

**Senatè Brian Kavanagh te deklare,** “Lejislasyon Gouvènè Cuomo ap siyen jodi a toutafè transfòmètè. Jiskaprezan, eta nou an te gen kèk nan pi move lwa elektoral nan peyi a, sa ki rann li initalman difisil pou yo vote epi pèmèt enterè espesyal yo nwaye vwa anpil milyon Nouyòkè lè yo ka bay politisyen yo yon kantite lajan ilimite atravè LLC yo. Pandan anpil ane, Demokrat yo ki nan ni Sena ni nan Asanble a, avèk sipò Gouvènè a, yo te lite pou chanje sa a, epi antanke yon nan Manm Asanble a mwen te fyè pou m prezante epi pwomilge prèske tout pwojè lwa y ap siyen vin lwa jodi a yo--sèlman pou yo wè Senatè Repibliken yo bloke. Refòm radikal k ap fèt nan sistèm vòt defisyan nou an ke nou ap pwomilge anba lidèchip Lidè Stewart-Cousins, Pòtpawòl Heastie, ak Gouvènè Cuomo rann li klè ke nou vle pou chak grenn elektè elijib patisipe nan demokrasi nou an san difikilte eksesif. Epi lè nou elimine Vi Jiridik LLC a—ki se fay ki pi flagran nan sistèm finans kanpay nou an — pral kanpe yon gran kouran kontribisyon kanpay ilimite, ki souvan vityèlman anonim ki te pèmèt kèk moun ak enterè komèsyal etwat yo bay enflyans an gwo. Sa se yon trè gran pa anvè sa nou panse ki pral yon modènizasyon ki pi global k ap fèt nan sistèm finans kanpay nou an.”

**Senatè David Carlucci te deklare,** “Mwen remèsye Gouvènè a paske l ap siyen refòm vòt nesèsè sa yo vin lwa. Kounye a yo pote lwa vòt New York la yo vin nan 21yèm syèk la, epi nou pral ankouraje moun soti al vote. Mwen te fyè pou m defann epi prezante pwojè lwa sa k ap pèmèt moun ki gen 16 ak 17 an yo enskri alavans pou yo vote ak transfè enskripsyon inivèsèl”.

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** “Pandan anpil ane, New York te jis anba nan lis nasyonal la akòz de lwa elektoral demode nou yo. Mwen ekstrèman fyè paske sa pap fèt ankò. Yon sèl kou, nou te akonpli yon bann seri refòm elektoral yo t ap chache fè depi byen lontan ki pral rann li pi fasil pou moun vote epi diminye efè lajan genyen sou eleksyon yo. Anplis de sa a, avèk lejislasyon tankou pwojè lwa sou transferabilite elektè mwen an, New York ap kòmanse pran devan, epi li pral kontinye trase chemen nan elaborasyon politik k ap rann li pi fasil pou moun patisipe nan demokrasi nou an. Mèsi a Pòtpawòl Asanble Heastie a ak defansè yo ki te kanpe avèk nou, ki te pèsèvere ane apre ane pandan nou t ap pwomilge anpil pwojè lwa sa yo nan Asanble a. Mèsi tou a Gouvènè Cuomo pou sipò li te ban nou pou refòm sa yo rive travèse liy arive a epi mèsi a Lidè Majorite a Stewart-Cousins paske li te resi rive pwomilge pwojè lwa sa yo atravè Sena eta a”.

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** “Nouyòkè yo merite transparans ak ekitabilibite nan pwosesis elektoral la, epi eliminasyon vid jiridik selèb LLC a se yon pa vè lavan enpòtan. New York pap pèmèt enterè moun rich ak enterè espesyal yo bay yon kantite lajan ilimite nan yon fason anonim nan kanpay yo nan lespwa pou yo enfliyanse kandida prefere yo. Eliminasyon vid jiridik LLC a pral redwi gran enfliyan sila ki kontwole LLC yo epi pèmèt yo tandè vwa Nouyòkè òdinè yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap siyen pwojè lwa sa vin lwa san pran tan, paske Nouyòkè yo paka tann yon jou ankò pou yo jwenn ekite”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)